



Pou Piblikasyon Imedya: 13/10/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NETWAYAJ KONPLÈ 35 MILYON DOLA POU ANSYEN SIT BETHLEHEM STEEL

Òdonans Konsantman an egzije Tecumseh ak ArcelorMittal pou finanse netwayaj konplè sit endistriyèl la

DEC pral siveye netwayaj, ki gen ladan kreyasyon aksè piblik alavni ak restorasyon abita bò dlo ak sou litoral

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke nan kad yon Òdonans Konsantman avèk Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, Tecumseh Redevelopment, Inc. ak sosyete mè li ArcelorMittal USA, yo responsab pou yon netwayaj konplè ki ta dwe koute omwen 35 milyon dola nan ansyen sit Bethlehem Steel nan Lackawanna, New York. Òdonans Konsantman an egzije achèyman netwayaj ansyen sit endistriyèl la nan kad pwogram Sipè-Fon Eta a (State Superfund) ak Aksyon Korektif yo. Anplis sa abòde pwoblèm kontaminasyon nan sit la, netwayaj la pral pèmèt piblik la gen aksè ak bò dlo a apre reyabilitasyon, pami lòt avantaj anviwònmanal ak rekreyatif.

"Òdonans sa a make yon gwo etap nan revitalizasyon Lwès New York kote n ap transfòme fleyo pase yo pou tounen motè ekonomik lavni", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Òdonans lan egzije pwopriyete ansyen sit Bethlehem Steel yo pou reyalize yon netwayaj detaye ak konplè sit endistriyèl sa a ak pou bay kominote a aksè—pou premye fwa nan plizyè deseni—ak rivaj toupre a. Sit vid sa a pral yon lòt fwa restore pou itilizasyon pwodiktif nan kominote sa a, k ap benefisye kominote a ak anviwònman an."

"Mwen te fèt nan Lackawanna nan lonbraj Izin Asye Bethlehem lan, kote papa mwen ak fanmi li te travay pou pouswiv rèv Ameriken an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Fabrikan endistriyèl la te fè asye ki te konstwi vil Ameriken yo, epi lè yo te fèmen nan ane 1980 yo, se te yon gwo kou devastatè pou ekonomi an ak travay nan rejyon an. Tankou anpil vil nan rejyon nò eta a, avèk sipò eta a, Lackawanna ak Lwès New York te gen yon transfòmasyon ak rekonstwi pi byen. Netwayaj konplè ansyen sit Bethlehem Steel sa a fè pati efò nou pou re-imaginer sit la pou lavni, avèk aksè piblik ak bò dlo a, atray nouvo biznis ak opòtinite, ak ranfòse ekonomi an".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la, Basil Seggos te deklare, "Li enpòtan anpil ke Eta New York

kenbe pati responsab yo responsab pou kontaminasyon sou sit erite yo tankou Bethlehem Steel pou asire ansyen sit endistriyèl sa yo netwaye ak reyamenaje epi yon lòt fwa ankò ap kontribiye nan ekonomi lokal la ak benefisyè kominote a. Odonans Konsantman sa a egzije Tecumseh ak ArcelorMittal pou konbat polisyon nan eritaj endistriyèl Bethlehem Steel lan epi transfòme sit endistriyèl vid ki pi gwo ak pi idantifyab rejyon an avèk patisipasyon rezidan lokal yo".

Bethlehem Steel te nan tan pase yon gwo motè pwodikтивite ekonomik nan Lwès New York, ki te grandi pou ajoute plis pase 647 ekta pou pwodiksyon fè ak asye depi nan kòmansman 20yèm syèk la. Kontaminasyon anviwònman la varye nan pwopriyete a avèk seksyon yo nan Pwogram Sipè-Fon Eta DEC la, Pwogram Aksyon Korektif Lwa sou Konsèvasyon ak Rekiperasyon Resous, ak Pwogram Netwayaj Frich Endistriyèl. Kontaminasyon sou sit la gen ladan nivo metal ki wo, ki gen ladan asenik ak lòt metal ki asosye avèk pwosesis fabrikasyon ki tipik pou endistri fabrikasyon asye. Anplis de sa, akòz itilizasyon jeneralize transpò fewovye, lwil, grès ak konbisyon konbistib fosil yo afekte sòl sit yo avèk konpoze òganik semi-volatil kabòn, espesyalman idwokabi awomatik polisiklik.

Odonans Konsantman DEC la legalman egzije Tecumseh ak ArcelorMittal, konpayi yo ki akèri responsablite anviwònmanal Bethlehem Steel apre fayit li, pou:

- Fini yon pwogram reyabilitasyon konplè ki gen ladan netwayaj ak siveyans 198 ekta ansyen sit Bethlehem Steel toupre litoral Lake Erie a;
- Bay swen pou fèmti ak apre fèmti pou sit la, ki gen ladan asirans finansye;
- Ranbouse Eta New York pou depans li fè pou sipèvizyon netwayaj la;
- Sipòte gwo patisipasyon ak angajman piblik la nan devlope ak aplike plan netwayaj sit la;
- Bay aksè piblik apre netwayaj pou pati bò dlo Lackawanna pou premye fwa nan plis pase 100 ane; epi
- Patisipe nan yon patenarya piblik/prive ki pral evalye lokal yo ak konsepsyon pou amelyore abita ekolojik pou restore ak rann natirèl zòn yo ki nan distans twa kilomèt litoral Lackawanna.

Pwochen etap ki asosye avèk sit la gen ladan devlopman DEC pou Plan Daksyon Reyabilitasyon Pwopoze sou tout sit la ki pral pwopoze aksyon netwayaj ki pwoteje sante moun ak anviwònman an. Plan Daksyon Reyabilitasyon Pwopoze yo evalye tou aktivite restorasyon dirab pou ede atenn objektif pou restore resous natirèl yo ak karakteristik rezistans litoral Lake Erie New York la. Ogmante aksè ak bò dlo Lake Erie a se yon eleman kle yon estrateji devlopman ekonomik dirab pou sit la. Plan pwovizwa yo pral libere nan mwa k ap vini yo pou kòmantè piblik, ki gen ladan yon reyinyon piblik.

Tecumseh te depoze yon petisyon pou Atik 78 kont DEC nan mwa oktòb 2019. Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York la te reprezante DEC nan pwosè a. Odonans sa a rezoud pwosè a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)